



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Office of the Superintendent



19 Novanm 2021

Nou Salye Tout Kominote Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan,

Kòm ou konnen deja, nou anbake pou Fèt Thanksgiving (Aksyon de Gras) lan. Ti repo sa a ap pèmèt nou detann nou yon ti kras epi jwi bonjan manje ak konvèsasyon. Konsa, mwen dwe mete aksan sou enpòtans ki genyen pou nou rete an sekirite w. Pandemi an poko fini. Antan ke Sipèntandan Lekòl yo, se devwa mwen pou m'ensiste sou enpòtans sante ak sekirite w pandan sezon fèt la. Nou dwe raple w ke mask ak distans sosyal yo enpòtan anpil nan kapasite nou pou konbat COVID-19 la.

Pandan Reyinyon Konsèy Depatman Edikasyon an semèn pase a, mwen te pataje enpòtans pou kontwòl sentòm yo epi enfòmasyon lekòl la si ou menm oswa pitit ou te afekte pa COVID-19 la. Nou pa kapab pwopaje COVID-19 la, kidonk, si pitit ou a malad epi li montre sentòm yo, li enpòtan pou fè tès PCR la pou konfime oswa pou elimine COVID-19 la. Nou bezwen travay ansanm pou asire ke anplwaye nou ak elèv nou yo an sekirite toutan.

Sa ki annapre yo se sentòm COVID-19 yo:

- Sentòm yo ka parèt 2-14 jou apre yo fin ekspozè a viris la. Moun ki gen sentòm sa yo ka gen COVID-19 la:
 - Lafyèw oswa frison
 - Tous
 - Souf kout oswa difikilte pou respire
 - Fatig
 - Doule nan misk oswa kò
 - Tèt fè mal
 - Nouvo pèt gou oswa sant
 - Gòj fè mal
 - Konjesyon oswa nen k'ap koule
 - Kè plen oswa vomisman
 - Dyare
 - **Nòt Espesyal:** Tout lekòl yo ekipe ak chanm izolasyon si elèv yo ta malad pandan jounen an. Eleman ki pi enpòtan an se ke lè yo rele, paran/gadyen an dwe vin chèche timoun ki malad la imedyatman. Sa a ka pèmèt nou diminye pwopagasyon maladi a.

Distri a te pataje atravè sitwèb la (www.orange.k12.nj.us) ansanm ak rezo sosyal nou yo, opòtinite pou vaksinasyon ki disponib nan distri a. Mr. Devone, Ofisye pou Angajman Kominotè distri a te prezante enfòmasyon sa yo nan reyinyon Konsèy Depatman Edikasyon an semèn pase a:

I. Park Avenue School a 3:30pm - 7:30pm

- *Adrès: 231 Park Avenue*
- Premye Dòz: 11/11/21
- Dezyèm Dòz: 12/03/2021

II. Rosa Parks Community School a 4:00pm - 7:00pm

- *Adrès: 369 Main St., Orange, NJ*
- Premye Dòz: 11/19/21

- Dezyèm Dòz: 12/09/21

III. Lincoln Avenue School a 4:00pm - 7:00pm

- **Adrès:** 216 Jackson Avenue, Orange, NJ
- Premye Dòz: 12/16/21
- Dezyèm Dòz: 1/6/22

IV. Heywood Avenue School a 4:00pm - 7:00pm

- **Adrès:** 421 Heywood Avenue, Orange, NJ
- Premye Dòz: 1/13/22
- Dezyèm Dòz: 2/3/22

Remak: Klinik Vaksen yo se sèlman pou elèv ki gen laj 5-11 an ki dwe ale nan lekòl ki endike anwo yo dapre direksyon Inite Vaksen Mobil Essex County an.

Distri a pral kolekte enfòmasyon nan men paran/gadyen elèv ki pa pran vaksen yo ki planifye pou **vwayaje swa nan peyi a (andeyò PA, NJ, NY, CT, DE)** oswa andeyò Etazini pandan Fèt Thanksgiving (Aksyon de Gras) lan. Pou kenbe elèv nou yo, anplwaye yo ak kominote a an sekirite, elèv ki pa vaksinen yo nou pral bezwen mete yo an karantèn anvan yo retounen nan lekòl la. Si w'ap vwayaje oswa vwayaje nan peyi a (**andeyò PA, NJ, NY, CT, DE**) li enpòtan pou w voye yon lèt pa pita pase Mèkredi 24 Novanm 2021 bay direktè lekòl pitit ou a pou nou ka mete pitit ou a nan lis karantèn lan.

Remake byen sa ki annapre yo:

- Yo pral mande elèv ki pa **VAKSINEN** yo pou yo mete yo an karantèn pandan sèt a dis jou, selon tès yo...
- **Karantèn lan ka dire sèt jou konplè si elèv yo teste negatif nan jou 3, 4, oswa 5 aprè yo retounen sot vwayaj.**

Nou ankouraje elèv nou yo pou yo teste chak semèn. Depi 19 avril 2019, nou mete tès COVID-19 la nan lekòl yo pou asire sante ak sekirite kontinye nan tout sa ki antre nan pòt lekòl nou yo. Gade pwosesis enskripsyon ki anba yo.

Pwosesis Enskripsyon Pwogram Tès COVID-19 la nan Lekòl Piblik Vil Orange lan

1. Moun ki anrejistre yo pral tape URL la: [FastCovidTestNY.com](https://www.fastcovidtestny.com) - Pwosesis sa a ka ranpli atravè nenpòt òdinatè ak/oswa aparèy entelijan (sètadi, telefòn, iPad, Desktop, laptop).
2. Klike sou LYEN pou Enskripsyon Lekòl Piblik Orange lan.
3. Ranpli fòm konsantman an, telechaje yon kopi devan kat asirans ou a (si sa aplikab) epi klike sou SUBMIT (SOUMÈT).
4. Yon reprezantan JLHHH ap kontakte w si yo bezwen nenpòt lòt enfòmasyon.
5. Klike sou lyen an pou wè videyo pwosesis enskripsyon an: <https://bit.ly/3CBSK3T>

Tanpri sonje.....

1. Moun ki anrejistre yo dwe re-enskri pou ane eskolè 2021-2022 a, menmsi yo te anrejistre lontan deja.
2. Ou dwe ranpli yon fòm apa pou chak moun ki anrejistre. (sa vle di yon fanmi ki gen 3 elèv nan kay la, kidonk yo dwe ranpli yon fòm pou chak elèv)

3. Tout moun kalifye kèlkeswa si yo gen asirans oswa ou non. Si yon moun pa gen asirans, yo pral kontakte yo pou ranpli yon fòm atestasyon epi yo ka bezwen bay plis enfòmasyon.

4. Gen kèk moun ki anrejistre yo ka oblije bay yon kopi ID yo, oswa ID paran/gadyen yo (pou minè yo).

Pwogram sipèvizyon ak konsiltasyon:

JLHH pral bay sipèvizyon medikal. Sa pral asire ke elèv yo ak paran yo gen aksè a swen konsiltasyon, ki pral disponib atravè yon bon sistèm telefòn.

Ki moun mwen kontakte konsènan kesyon sou Tès COVID-19 la?

Dr. Sampson Davis

Telefòn: 973-868-0615

Imèl: CovidTestNY@gmail.com

Ki moun mwen kontakte sou kesyon nan lekòl mwen an?

Kontakte direktè/direktris lekòl la oswa voye yon imèl konsènan kesyon w yo nan reopeningofschoools@orange.k12.nj.us.

Pou plis enfòmasyon ak pou wè Orè Pwogram Tès COVID-19 distri a, tanpri vizite sitwèb distri a (COVID-19 Resources Page/Paj Resous COVID-19) nan: <https://www.orange.k12.nj.us/domain/3058>

Nou nan sa nou ye a ansanm kòm yon kominote lekòl. Rezilyans kontinyèl ou pandan pandemi sa a yo te remake epi sètènman apresye. Nan Orange, nou se yon sèl ekip epi sètènman nou vin pi fò. Pou fini, tanpri rete an sekirite epi sonje ke nou la pou ou.

Edikasyonèlman,

Gerald Fitzhugh, J.I., Ed.D.

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Sipèentandan Lekòl yo